



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PRAL RANKONTRE LIDÈ KOMINOTE JWIF ÒTODÒKS LA
POU ABÒDE KESYON GWROUPMAN COVID-19 YO**

***Colorado Ajoute nan lis rekòmandasyon pou vwayajè Eta NY la. Yo retire Arizona
ak Virginia***

20 kòd postal pwen cho yo genyen 5 pousan pousantaj pozitif

Pozitivite nan tout eta a: 1.1 pousan; 1.3 pousan ak kòd postal pwen cho yo enkli

2 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

***SLA ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a Vizite 1,075 Etablisman; Obsève 3
Etablisman ki Pa Konfòm***

***Konfime 1,189 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total
nan tout Eta a rive 457,649; gen nouvo ka nan 49 Konte***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a l ap rankontre ak lidè Jwif Òtodòks la pou abòde kesyon gwoupman COVID-19 yo nan kominote nan sid eta a. Gouvènè a te anonse tou yo te ajoute Colorado nan lis rekòmandasyon pou vwayajè Eta New York pou COVID-19 la. Yo te retire Arizona ak Virginia. Avètisman an egzike moun ki te vwayaje New York soti nan zòn ki gen pwopagasyon kominotè siyifikatif pou yo mete yo an karantèn pandan 14 jou. Karantèn lan aplike pou nenpòt ki moun ki rive soti nan yon zòn ki gen yon pousantaj tès pozitif pi wo pase 10 pou chak 100,000 abitan sou yon mwayèn mobil 7 jou oswa yon zòn ki gen yon pousantaj 10 pousan oswa pi wo pozitivite sou yon mwayèn mobil 7 jou.

Chif nouvo ka yo, pousantaj tès ki te pozitif yo ak anpil lòt pwen done itil yo toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Mwen pral rankontre ak lidè relijye kominote Òtodòks la ak ofisyèl lokal yo. Si ou gade gwoup sa yo e ou gade kòd postal sa yo, w ap remake gen yon anpyètman ak kominote Jwif Òtodòks yo. Se yon fè. M ap rankontre ak yo pou pale sou sa. Se yon pwoblèm sante piblik pou kominote yo a. Se yon pwoblèm sante piblik pou kominote ki antoure yo tou. Mwen te di depi premye jou a, règ sante piblik sa yo aplike pou tout relijyon, ate - li sèlman aplike pou tout sitwayen Eta New York, pwen," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te obsève pwen cho yo anvan, men li pwobab pou se pi gwo

gwoupman ke nou te janm abòde anvan, e gwoupman yo se Brooklyn, Orange, Rockland. Aktivite nan gwoupman an diferan anpil pa rapò ak sa k ap pase nan rès eta a. An reyalye se bon nouvèl nan yon fason paske ou idantifye nan fason ki efikas kòmansman kwasans potansyèl viris la. Depi ou gen enfòmasyon yo, ou sible gwoupman sa yo nan fason ki agresif. Sa yo se chabon dife k ap kòmans limen dife nan zèb sèch. Voye tout ekipman ponpye ak pèsònèl kont chabon dife sa yo epi eradike chabon sa yo touswit. Se sa done sa yo fè. Gouvènman lokal yo se premye liy defans e yo dwe reponn. Gouvènman ki konpetan dwe asire konfòmite ak aplikasyon. Yon gwoupman jodi a ka yon pwopagasyon kominotè demen."

Lis avètisman vwayaj, konplè ki aktyalize a anba a:

- Alabama
- Alaska
- Arkansas
- Colorado
- Delaware
- Florida
- Georgia
- Guam
- Idaho
- Indiana
- Iowa
- Kansas
- Kentucky
- Louisiana
- Minnesota
- Mississippi
- Missouri
- Montana
- North Dakota
- North Carolina
- Nebraska
- Nevada
- Oklahoma
- Puerto Rico
- Rhode Island
- South Carolina
- South Dakota
- Tennessee
- Texas
- Utah
- Wisconsin
- West Virginia
- Wyoming

Gouvènè a te note ke 20 kòd postal pwen cho yo te repòte lendi a gen yon pousantaj pozitif 5%. Zòn ki genyen pousantaj pozitif ki wo yo ap soumèt ak efò pou fè tès ki konsantre ki enkli aksè ak machin tès rapid. Kòd postal sa yo enkli:

REJYON	KONTE	KÒD POSTAL	% POZITIF	TÈS	POZITIF
Mid-Hudson	Orange	10950	18%	211	39
Mid-Hudson	Rockland	10952	10%	154	15
Mid-Hudson	Rockland	10977	8%	330	27
NYC	Kings	11223	7%	347	24
NYC	Queens	11374	5%	151	8
NYC	Queens	11691	4%	608	27
Southern Tier	Broome	13760	4%	163	7
NYC	Kings	11229	4%	299	12
NYC	Kings	11235	4%	366	14
NYC	Kings	11219	4%	455	17
NYC	Kings	11211	4%	329	12
NYC	Kings	11230	4%	482	17
NYC	Kings	11204	3%	272	9
NYC	Kings	11218	3%	417	13
Mid-Hudson	Westchester	10801	3%	137	4
NYC	Richmond	10301	3%	208	6
NYC	Kings	11210	3%	248	7
NYC	Richmond	10306	3%	359	10
NYC	Queens	11432	3%	223	6
NYC	Queens	11370	3%	115	3

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a (State Police Task Force) te vizite 1,075 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 3 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Bronx** - 1
- **Nassau** - 2

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 571 (+28)
- **Pasyan ki Fèk Entènè nan Lopital** - 79
- **Lopital Konte yo** - 35
- **Kantite ICU** - 147 (+12)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 61 (+4)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 76,691 (+42)
- **Kantite Lanmò** - 2

- **Kantite Lanmò Total - 25,470**

Yo te repòte 88,231 rezilta tè s bay Eta York State yè, ak yon total 1,189 ka pozitif. Pozitivite eta a nan kòd postal pwen cho yo te 5% epi sinon 1.1%. Ak kòd postal pwen cho yo enkli se 1.3 pousan ki te pozitif. Pousantaj rezilta tè s pozitif chak rejyon ki repòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	SAMDI	DIMANCH	LENDI
Capital Region	0.5%	0.9%	0.9%
Central New York	1.1%	0.8%	1.7%
Finger Lakes	0.7%	0.6%	0.9%
Long Island	1.0%	1.2%	1.2%
Mid-Hudson	1.6%	3.1%	2.0%
Mohawk Valley	0.2%	1.2%	0.8%
New York City	1.2%	1.6%	1.3%
North Country	0.2%	0.4%	0.2%
Southern Tier	1.4%	3.6%	1.9%
Western New York	0.7%	0.9%	1.3%

Pousantaj rezilta tè s pozitif chak minisipalite nan Vil New York pandan twa dènye jou yo repati konsa:

MINISIPALITE	SAMDI	DIMANCH	LENDI
Bronx	1.0%	1.0%	1.0%
Brooklyn	2.0%	2.6%	1.7%
Manhattan	0.4%	0.8%	0.7%
Queens	1.2%	1.6%	1.5%
Staten Island	1.0%	1.3%	1.6%

Gouvènè a te konfime tou 1,189 lòt nouvo ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 457,649 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 457,649 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jwografik yo se sa yo:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	3,116	12
Allegany	108	2
Broome	1,642	36
Cattaraugus	271	11
Cayuga	219	1
Chautauqua	585	7
Chemung	492	22
Chenango	251	0
Clinton	162	1

Columbia	592	1
Cortland	181	10
Delaware	136	1
Dutchess	5,130	6
Erie	11,445	86
Essex	168	0
Franklin	66	0
Fulton	339	2
Genesee	327	6
Greene	323	0
Hamilton	15	0
Herkimer	337	2
Jefferson	170	0
Lewis	50	0
Livingston	207	0
Madison	497	4
Monroe	6,074	29
Montgomery	234	2
Nassau	46,791	80
Niagara	1,783	3
NYC	243,595	523
Oneida	2,432	12
Onondaga	4,409	30
Ontario	475	1
Orange	12,122	60
Orleans	335	0
Oswego	499	6
Otsego	340	0
Putnam	1,612	8
Rensselaer	916	3
Rockland	15,342	65
Saratoga	1,060	8
Schenectady	1,405	2
Schoharie	85	0
Schuyler	43	2
Seneca	107	1
St. Lawrence	325	1
Steuben	450	30
Suffolk	46,464	36
Sullivan	1,600	6
Tioga	242	5
Tompkins	417	3

Ulster	2,272	8
Warren	386	3
Washington	301	2
Wayne	321	1
Westchester	38,182	49
Wyoming	137	0
Yates	64	0

Yè, te gen 2 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,470. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Delaware	1
Steuben	1

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)